



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 213ÈM SESYON GRADYASYON NAN LEKÒL
DEBAZ LAPOLIS ETA A**

232 nouvo Twoupè rantre ran lapolis Eta New York la

Gouvènè a rekonèt ane ekstrawòdinè pou lapolis Eta New York, k ap ede nan repons pou katastwòf ak rezoud anpil ka ki gen anpil valè

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn jodi a Sirentandan Enterimè Dominick L. Chiumento pou onore 232 nouvo Twoupè Eta a pandan yo te gradye nan 213èm sesyon Lekòl Debaz Akademi Lapolis Eta New York la Seremoni an te fèt nan Sant Konvansyon Empire State Plaza nan Albany. Gradyasyon jodi a ogmante ran Lapolis Eta a nan 4,781 manm ki fè sèman.

"Mwen felisite 232 gason ak fanm sa yo paske yo dedye tèt yo nan sèvis piblik, ak angajman yo pran pou pwoteje pèp Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Manm Lapolis Eta New York yo mete lavi yo an danje chak jou pou kenbe rèz nan nou yo an sekirite – nan yon mond kote misyon yo vin pi difisil ak pi konplèks. Nan non tout Nouyòkè yo, mwen vle remèsye gradye yo pou travay di yo ak pèsèverans yo — epi mwen swete yo byenvini nan long liy gri a".

Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Dominick L. Chiumento, te deklare, "Jodi a make yon lòt moman siyifikatif ankò nan istwa fyète Lapolis Eta New York la. Seremoni gradyasyon an se youn nan tradisyon nou yo ki pi rafine epi li entwodui yon nouvo jenerasyon Twoupè ki byen antrene, ki pral sèvi sitwayen Eta New York yo avèk lonè ak entegrite. Yo te andire plizyè mwa nan fòmasyon entans alafwa anndan ak andeyò salklas, epi yo te genyen plas yo nan ran nou yo. Mwen fyè pou m akeyi gradye sa yo nan ajans lapolis ki pi prestijye epi ki pi byen respekte nan nasyon an."

Depi dènye gradyasyon Lapolis Eta a nan mwa jen, Lapolis Eta a te patisipe nan anpil ka istorik pou sove lavi atravè Eta New York. Lapolis Eta a te enplike nan kaptire tiyè an seri Gilgo Beach, sa ki te ramne yon sans sekirite nan yon kominote Long Island. Anplis de sa, Lapolis Eta a te patisipe nan sove lavi plis pase 50 elèv lekòl segondè ki nan Farmingdale nan yon aksidan otobis nan Konte Orange. Anfen, Lapolis Eta a te jwe yon wòl enpòtan nan retounen yon jèn fi lakay li apre yo te kidnape li nan yon pak eta.

Anplis pou onore tout diplome yo nan 213èm sesyon Lekòl Debaz la, Sirentandan Enterimè Chiumento te prezante prim sa yo:

Prim Akonplisman Akademik (Academic Achievement Award)

Antanke yon rekonpans espesyal pou tout etidyan yo ki te nan Lekòl Bazik Akademi Lapolis Eta New York la, Komisè a te parene yon prim zamafe pou moun ki rive reyalize meyè pèfòmans akademik pandan fòmasyon nan Akademi an. Gayan "Prim Akonplisman Akademik" la se Twoupè Mark J. Novello, yon rezidan nan Astoria, New York ki gen 24 an. Li se yon moun ki gradye nan Adelphi University ak yon diplòm Lisans nan Jistis Kriminèl. Anvan li te rejwenn Lapolis Eta New York la kòm yon Twoupè, li te yon ofisye lapolis nan Depatman Lapolis Vil New York la pandan 2 ane. Pandan tout pwogram fòmasyon nan Akademi an, li te reyalize yon mwayèn akademik jeneral eksepsyonèl ki se 97.23 pousan. Yo pral asiyen li nan Twoup K.

Prim Konpetans Itilizasyon Zamafe (Firearms Proficiency Award)

Fondasyon Ofisye Lapolis Eta New York la (New York State Trooper Foundation) te parene yon prim zamafe pou moun ki rive reyalize meyè pèfòmans nan tout faz antrènman zamafe yo.

Twoupè David A. Heath se gayan "Rekonpans Komisè a bay pou Konpetans nan Tire Zamafe a" (Superintendent's Firearms Proficiency Award), li gen 25 an epi li se moun Central Square, New York. Avan li antre nan Lapolis Eta New York, li te yon adjwen nan Biwo Cherif Konte Oswego pou 4 ane. Pandan antrènman avèk zamafe, li te tire yon eskò mwayèn 250 sou 250 pwen ki posib. Yo pral asiyen li nan Twoup D.

Prim Fòm Fizik Envestigatè Joseph T. Aversa (Joseph T. Aversa Physical Fitness Award)

Asosyasyon Envestigatè Lapolis Eta New York la te parene yon prim zamafe pou moun ki rive gen fòm fizik ki pi anfòm pandan Pwogram Antrènman Fizik nan Akademi an. Yo pral prezante prim sa a nan memwa Envestigatè Joseph Aversa ki mouri. Envestigatè Aversa te fè sakrifis final la nan Vil New York nan dat 5 mas 1990, pandan yon investigasyon nakotik pandan li tap travay kòm yon manm nan Gwoup Travay Ranfòsman Konjwen pou Lite kont Dwòg. Envestigatè Aversa te yon veteran Lapolis Eta a pandan sis ane ki te kwè kondisyon fizik se yon pati entegral pou yon moun vin yon Ofisye Lapolis Eta a.

Moun k ap resevwa prim sa a se Twoupè Paul R. Tripi, ki rete nan Cheektowaga, New York. Li te diplome nan Wheeling University ak yon diplòm lisans nan Syans Egzèsis. Pandan tès ajilite fizik la, li te reyalize nòt ki pi wo pami tout 232 Manm yo nan 213yèm Sesyon an, yon omaj pou bon jan kalite kondisyon fizik li genyen. Yo pral asiyen li nan Twoup A.

Reprezantan Etidyan

Asosyasyon Benevòl Polis Twoupè (Police Benevolent Association, PBA) Eta New York te parene prim zamafe a manm nan klas la ke kanmarad yo chwazi pou reprezante yo pandan egzèsis sa yo. PBA a te prezante prim lan nan memwa Twoupè John J.

McKenna IV, yo te touye l an konba an 2006, pandan li t ap sèvi peyi l kòm yon Marin an Irak.

Moun k ap resevwa prim sa a se Twoupè Kevin J. Knightes, 32 an, ki rete nan Schenectady, New York. Li te diplome nan Fordham University ak yon diplòm lisans nan Etid Mwayen Oryan. Anvan li te antre nan Lapolis Eta New York, li te travay nan Depatman Lapolis Rotterdam pandan 4 ane epi li te sèvi nan lame Etazini pandan 12 an. Yo pral asiyen li nan Twoup G.

Seremoni gradyasyon an te fèt nan Sant Konvansyon Empire State Plaza nan Albany. Twoupè Cameron D. Fryer te chante im Nasyonal la. Seremoni an te gen ladan yon prezantasyon fòmasyon tout manm 213yèm Sesyon Lekòl Debaz la te resevwa a sou videyo.

Nouvo Twoupè yo pral kòmanse fonksyon yo sou teren nan 27 desanm 2023. Pandan 10 semèn k ap vini yo, yo pral evalye nouvo Twoupè sa yo selon pwogram antrènman sou teren yo anba sipèvizyon ofisye siperyè ki responsab antrènman sou teren yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)